3. Бегимкулов У.Ш., Джураев Р.Х., Бабаходжаева Л.Г., Цой М.Н., Эшмаматов И. Монография. Педагогические основы разработки систем дистанционного сопровождения образовательного процесса. – Ташкент: 2011.

4. Мицкевич Н.И. Педагогические основы совершенствования системы повышения квалификации организаторов внеклассной и внешкольной воспитательной работы: Дис. канд. пед, наук: 13.00.01 /-Л., 1980. –С.200.

5. Маматкулов Х.А. Ҳарбий педагогларда хорижий тиллар бўйича касбий компетентликни ривожлантиришнинг ахборот-методик таъминотини такомиллаштириш. Монография. – Тошкент вилояти: Harbiy-texnik instituti bosmaxonasi, 2018. 240-б.

**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада ҳарбий соҳада таълим олувчи мутахассисларнинг инглиз тилида ўз касбий компетентлигини ривожлантириш борасида келтирилган тавсиялар ҳақида маслаҳатлар ифода қилинган

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются содержание профессиональной компетентности военных преподавателей иностранных языков, отображающей научно обоснованный состав профессиональных знаний, умений и навыков.

**SUMMARY.** The article examines the content of the normative model of the military pedagogy competence displaying scientifically based structure of professional knowledge and skills.

## BALA TÁRBIYASÍNDA SHAŃARAQ HÁM OQÍTÍWSHÍNÍŃ TUTQAN ORNÍ

**A.Kadrekova** – *pedagogika ilimleri boyınsha filosofiya doktorı*
**V. Bekmuratova** – *magistrant*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** odob axloq, mahorat, tarbiya, tarbiyachi, shaxs.
**Ключевые слова:** этикет, мастерство, воспитание, воспитатель, личность.
**Key words**: etiquette, mastery, upbringing, educator, person.

Házirgi rawajlanǵan zamanda bilimdan, tapqır, isker hám ádep-ikramlı jaslardı tárbiyalaw hár bir insannıń, ásirese pedagoglardıń baslı wazıypası. Jas áwlad pedagoglar bilim hám ilim sırların úyretpesten aldın – aq, óz shańaraqlarında jaqsı tárbiya alǵan bolıwları kerek.

Eldiń keleshekte ósip rawajlanıwı, jaynap-jasnawı ushın hám jeke óziniń jámiyette, qorshaǵan ortalıqta óz ornın tabıwı ushın balalardı kishkeneliginen watan súyiwshilikke, ata-anaǵa, shańaraqqa, doslarǵa hám ortalıqqa húrmet penen qarım-qatnasta bolıwǵa úyretiw kerek. Óz zamanınıń jetik bilimdanı bolǵan Al-Beruniy adamnıń sırtqı kórinisi onıń ishki dúnyası menen baylanısatuǵınlıǵı haqqında aytıp, tárbiyasınıń eń názik tamanları shańaraqta ámelge asatuǵınlıǵın aytıp ótedi.

Shańaraqta balalarǵa tárbiya beriwde ata – ana baslı orında tursa, mektepte baslawısh klass muǵallimleriniń ornı ayrıqsha. Sebebi bala shańaraqta ata-anasınıń tárbiyasına qarap ósse, mektepke kelgen kúnnen baslap óz muǵalliminiń úgit-násiyatlarına ámel etedi. Shıǵıs xalıqlarında shańaraq tárbiyasınıń ózi tiykarınan eki waziypanı: 1-perzentti dúnyaǵa keltiriw, 2- oǵan tuwrı tárbiya beriwdi óz ishine aladı.

Jámiyettiń ruwxıy kelbeti kópshilik jaǵdayda tárbiyada kórinedi. Hár bir jámiyettiń tágdiri ósip kiyatırǵan jas áwladtıń tárbiyasında, onıń jámiyet ushın qanshama payda keltiriliwshi insane bolıp jetilisiwine baylanıslı. Jaqsı áwlad jaqsı ata - anadan, jaqsı adam jaqsı tárbiyadan tuwıladı.

Náreste dúnyaǵa shıqqan kúnnen baslap - aq, anası hám jaqınları menen qatnasıqta boladı. Bul qatnası qorshaǵan dúnya haqqındaǵı túsinikti qáliplestiriwge tiykar saladı. Balalardı ján - jaqlı ósirip kámalǵa jetkeriw, olarda ádep-ikramlılıq normalardı qáliplestiriw, ruwxıy bay, erkin hám talantlı etip tárbiyalawda ata-babalarımızdıń aqıl – oyı menen jaratılǵan úgit-násiyatları hám óz shańaraǵınıń ornı girewli. Shańaraqtan, ata-anadan keyin balalarǵa tárbiya beriwde mektep oqıtıwshılarınıń, ásirese, baslawısh klass oqıwshılarınıń ornı ayrıqsha. Bala mektepke qádem qoyǵanda birinshi ustazınıń, yaǵnıy, baslawısh klass oqıtıwshısınıń úyretken bilimin, aytqan úgit – násiyatların qabıllaydı.

Baslawısh klass oqıtıwshısı eń birinshi kúnlerden - aq, oqıwshılarǵa bilim beredi hám keleshek zaman menen búgingi kúndi bir – birine baylanıstırıp, oqıwshılar sanasına, ruwxına, minez – qulqına tásir etip, olardı ózbetinshe hám jeke pikir júrgize alatuǵın shın mánisinde adam etip tárbiyalay baslaydı. Sonday-aq balalardı basqalar menen kelisiw uqıplılıǵına, doslıq qatnasına, estetikalıq hám ádep – ikramlılıq sezimlerdi úyreniwge tárbiyalaydı. Balaǵa tálim – tárbiya beriw, ádep – ikramlılıq ruwxında tárbiyalaw ushın oqıtıwshıdan joqarı pedagogikalıq sheberlik talap etiledi. Oqıtıwshı balaǵa tálim-tárbiya beriwde ózleriniń pedagogikalıq sheberligi arqalı oqıwshılardıń ruwxında ádep-ikramlılıqtı sáwlelendire aladı.

Etika hám etikalıq tárbiya máselesi xalıq miyraslarımızdada, búgingi kúndegi sıyaqlı tiykarǵı aktual másele bolǵan. Sebebi qaysı jámiyette, qaysı basqarıw principinde bolmasın, eger jámiyet aǵzaları jetik bilimli bolmasa jámiyet rawajlanıwı kriziske ushıraydı. Ilimiy bilimlerdiń qálegen tarmaǵınıń rawajlanıwı ótken zamandıń sol tarawdaǵı miyrasları menen qaysı dárejede bayıtılǵanlıǵına kóp tárepten baylanıslı. Bul haqıyqat pedagogika páni ushın bólek áhmiyetke iye boladı. Házirgi tálim-tárbiya sisteması aldına bala shaxsın bárkámal kámal taptırıw wazıypasın qoyılǵan, bunda balanıń adamlar menen bolatuǵın baylanısları doslıq, sheriklik, ádep-ikramlıq,adamgershilik, húrmet sıyaqlı múnisibetke tıykarlanıwına itibar beriw kerek. Sol sebepli bala shaxsında bul pázıyletke dáslepki balalıq dáwirlerinde, mekteplerde bolsa baslawısh klasslardan baslap tiykar salıw zárúrli bolıp tabıladı [2].

Ádep-ikramlıq etikalıq paziylet retinde etika teoriyası rawajlanıwı menen baylanıslı bolıp, onıń zárúrli dereklerinen biri xalıq pedagogikası eń jaqsı ǵáziynelerinde kóriw múmkin. Qaraqalpaq xalqınıń mádeniyatı hám tárbiyaǵa tiyisli teoriyalıq hám ámeliy miyrasları úlken tarıyxqa iye. Xalqımızdıń milliy úrp-ádet hám dástúrlerine say bolǵan sálemlesiw, xoshlasıw, minnedarshılıq bildiriw, iltimas etiw, iybe saqlaw hám buyırıw sıyaqlı háreketlerde xalqımızǵa tán ádep-ikramlılıq belgileri esaplanadı. Baslawısh klass oqıtıwshıları oqıwshılarǵa bilim beriw menen birge usınday úrp-ádet hám dástúrlerimizdi úyretip, oqıwshılardıń tárbiyalı bolıp jetilisiwinde óz úleslerin qosadı.

Ata-babalarımızdıń bizge qaldırǵan ájayıp dóretpelerinde, ilimiy miyraslarında ádep-ikramlıqqa tiyisli qarawlar sisteması júdá keń bolıp, tárbiya wazıypası hám mazmunına tiyisli ájayıp pikirler bar. Biz ullı oyshıllarımız Al-Xorezmiy, Beruniy, Farabiy, Ibn Sino, Alisher Nawayı hám basqada ullı babalarımızdıń dóretpelerinde ádep-ikramlıqqa baylanıslı kóplegen maǵlıwmatlardı kóremiz. Ullı oyshıllar ádep – ikramlılıq mazmunına óz-ara múnásibet, watanǵa sadıqlıq hám patriotlıq, doslıq, sıyaqlı máselelerdi kirgizedi hám hár biriniń mazmunın ashıp beredi. Ibn Sino óziniń " Jaqsılıq hám jamanlıq", " Etika haqqında qollanba" sıyaqlı dóretpelerinde insannıń jetilisiwinde ádep-ikramlıq tárbiyası, ádetler hám sezimlerdiń roli haqqındaǵı pikirlerdi aytıp ótedi. Sonday-aq, ol insannıń kámil insan bolıp jetilisinde ádep-ikramlılıq eń joqarı orınlarda turıwın aytıp ótken.

Etikalıq túsinikler qatarına jaqsılıq hám jamanlıq, ádalatlılıq hám ádalatsızlıq, muxabbat hám jerkenish, awızbirshilik, kishipeyillik hám maqtanshaqlıq sıyaqlı túsiniklerdi kiritedi. Ádep-ikramlıq páziyletler mudamı ózgeriwde boladı, olar tuwma bolmaydı, bálkim turmıs shárayat ózgeriwi menen minez-qulıqtıń da ózgeriwi múmkinligin eskertip, tárbiyada ortalıqtıń áhmiyeti úlken dep biledi.

Ózbekstan Respublikası birinshi Prezidenti Islam Karimovtıń "Joqarı ruwxıylıq - jeńilmeskúsh" kitabında ullı babalarımızdıń jáhán páni, mádeniyati, ruwxıylıǵı gúlleniwine qosqan úlken úlesleri, jaslarımızdı áne sol ilimiy miyraslar menen tanıstırıw zárúrligi bólek aytıp ótkenligi biykarǵa emes [1].

Ata-babalarımızdıń usınday úgit-násiyatları, ata-ananıń, shańaraqtıń hám oqıtıwshınıń bala tárbiyasında ornı bar ekenligin bilemiz. Sebebi qońsı-qoba, jora-joldas balanıń belgili waqtın birge ótkeretuǵın ortalıǵı. Biziń xalıqta:

"Ulıń erjetse, ulı jaqsı menen qońsı bol,Qızıń er jetse qızı jaqsı menen qońsı bol" degen danalıq sózi bar.Bala birge júrgen doslarına eliklewi, olardıń islegenin islewi múmkin. Sonıń ushın balanıń kim menen doslasqanın, úyde, mektepte, sırtta ne menen shuǵıllanatuǵının ata-ana biliwi shárt.

Jas balalar bilip-bilmey jaman adamlarǵa qosılıp qalıwı, jaman qılıqlar menen shuǵıllanıwı múmkin. Balanıń tárbiyasında birinshi shańaraǵı, ata-anası tikkeley juwapker. Mektep oqıtıwshılarıda óz oqıwshılarınıń tárbiyasında juwapkershilikke iye. "Balanı jastan" degenindey balalardı mektepke kelgen kúnnen baslap ata-anasınıń járdemi menen jaqsı tárbiyalı etip tárbiyalay alsa, keyingi waqıtları ol balalardıń tárbiyasında hesh qanday mashqala ushıramawı múmkin. Sonlıqtan-da ósip kiyatırǵan jas áwladlardıń ádep-ikramlılıq sıpatlarınıń durıs qáliplesiwin támiynlewde pedagoglardıń úrip-ádetlerdiń, tariyxıy miyraslardıń tárbiyalıq áhmiyeti oǵada ullı.

Usı mániste nalıp qaraǵanda baslawısh klass oqıwshılarıń belsendiligin arttırıp, milliy-ruwxıy miyraslardan paydalanıwdıń pedagogikalıq múmkinshiliklerin tálim-tárbiya processinde sistemalı túrde qollaw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı. Baslawısh klass oqıtıwshılarınıń pedagogikalıq iskerliginde tálim mazmunın milliylestiriw hám sol tiykarda ruwxıy intellektuallıq tálim-tárbiya nátiyjelerin uyqaslastırıw, oqıwshılarda aktivlikti asırıwdıń pedagogikalıq múmkinshiliklerin qollaw oqıwshılardıń ádep-ikramlılıq qádiriyatların ańlawǵa járdem beredi. Sonday eken, pedagogikalıq tálim mazmunındaǵı milliy, ilimiy tálim-tárbiya baǵdarı principi jáne bir óz tastıyıǵın tabadı.

Pedagogikalıq kásibi óz mánisine kóre individual bolıp tabıladı. Hár bir pedagogdıń turmıslıq ornı óz jumısınıń nızamı bolıwı kerek. Pedagogikalıq uqıbı onıń iskerliginde kórinedi. Ásirese baslawısh klass oqıtıwshıları ilimiy tájiriybege iye bolıp, pedagogikalıq sheberligi rawajlanǵan bolıwı kerek. Sheberlik – bul bólek qúdıret. Joqarı hám kishi dárejede sheber bolıw múmkin emes, sheberlikke erisiwde, erise almawda múmkin. Haqıyqıy sheber miynet iskerliginde de gózzal bolıp tabıladı. Bunı bizler ne ushın aytıp atırmız? Sebebi oqıtıwshı qánsheli dárejede sheber bolatuǵın bolsa oqıwshılarǵa bilim beriw dárejesi sonsheli joqarı boladı [3].

Pedagogikalıq sheberlik kategoriya retinde óziniń ilimiy tiykarlarına iye. "Pedagogikalıq ensiklopediya" da "Tárbiya hám oqıtıwda joqarı dárejege erisiw hám onı mudamı rawajlandırıp barıw imkaniyatın támiyinleytuǵın kórkem óner bolıp, oqıwshılarǵa mehr qoyǵan hám óz kásibin jaqsı kórgen, hárbir pedagogtıń ámel etetuǵın jumısı, óz jumısınıń sheber ustası bolǵan pedagog - bul joqarı dárejeli, mádeniyatlı, óz pánin tereń biletuǵın, pánniń yamasa kórkem ónerdiń tiyisli tarawların jaqsı analiz ete alatuǵın, tárbiyalaw hám oqıtıw stilistikasın jetik iyelegen qánigedur" delingen [4].

Balanı súygen pútin kúsh hám bilimin balalardıń keleshegi ullı Watanǵa sadıq puqara qılıp tárbiyalawǵa jóneltire alatuǵın adam ǵana haqıyqıy oqıtıwshı bola aladı. Balaǵa itibarsız, onıń keleshegi menen qızıqpaytuǵın, oqıtıwshılıq kásibine biyparwa adam haqıyqıy oqıtıwshı bola almaydı.

«Baslawısh tálim konceptsiyası»nda baslawısh klass oqıtıwshısı kórinisi tariyplenedi: «… eń zárúri balalarda oqıw, úyreniwge shın háwes, qızıǵıw oyatıwshı, isenim payda qılıwshı ustaz sıpatında ayrıqsha orın tutadı; hám jáne usı kontseptsiyadan baslawısh klass oqıtıwshısı paziyletlerine qosımsha keltiriledi. Oqıtıwshı: «… Ózbekstan keleshegi ullı mámleket ekenine isenetuǵın milliy maqtanıshı bolıwı;

– balalardı xalıq pedagogikası durdanaları hámde milliy qádiriyatlarmız tıykarında tárbiyalay alıwı;

– tili rawan, xalıq tili baylıǵı, kórkem usılı hám súwret quralların ádebiy til metodıkası hám ólshemin tolıq iyellegen bolıwı» zárúr.

Baslawısh klass oqıwshıların ádep-ikramlıq ruwxında tárbiyalawda mine usınday sheber pedagoglardıń ornı bólek bolıp esaplanadı.

Demek, solay eken balalarımızdıń ilimli, bilimli ádep-ikramlı bolıp osiwinde, milliy qádiriyatlarımızdı úyreniwi hám onı ózlestiriwinde mektepte baslawısh klass oqıtıwshılarınıń atqaratuǵın roli áhmiyetli. Sebebi ruwxıy jetilisken insan, ózligin ańlap ǵana qoymastan, sociallıq zárúrliklerdi de ańlap aladı hám ádep-ikramlı, jetik insan bolıp qáliplesedi.

**Ádebiyatlar**


1. Karimov I.A. "Joqarı mánáwiyat - jeńilmes kúsh". -T.: "Mánáwiyat", 2008. 56-b.
2. Hasanboyeva O. "Oila pedagogikasi". -T.: "Aloqachi" 2007, 41-43-b.
3. Xoliqov E., Lafasov M., Rustamov M. Merosim izildizlari. -T.:"Ma'naviyat", 2008 . 59-61-b.
4. Asqarova O'., Xayitbayev M., Nishonov M. "Pedagogika". -T.: "Talqin" 2008, 38-b.



**REZYUME.** Maqolada bola tarbiyasida oila va o'qituvchining tutgan o'rni haqida so'z boradi. Shu haqda taklif va fikrlar aytib o'tilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются пути повышения педагогического мастерства учащихся начальных классов в воспитании их в духе нравственности.

**SUMMARY.** In this article is said about the role of family and teacher in educating a child. It is given recommendations and ideas about it.


## BASLAWÍSH KLASS ANA TILI SABAQLARÍNDA OQÍWSHÍLARDÍŃ SÓZLIK BAYLÍǴIN ARTTÍRÍWDA OYÍN USÍLLARÍNAN PAYDALANÍW


**B.S.Kenesova –** *magistrant*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar:** o'yinlar, «Sózdan-sóz» o'yini, metodika, otlar.

**Ключевые слова:** игры, игра «слово в слово», методика, существительные.

**Key words:** games, word-for-word game, method, nouns.


Ministrler Kabinetiniń 2017-jıl 6-apreldegi «Ulıwmalıq orta hám orta arnawlı, kásip-óner táliminiń mámleketlik bilimlendiriw standartların tastıyıqlaw haqqında»ǵı 187-sanlı qararı, 2019-jıl 29-apreldegi "Ózbekstan Respublikası xalıq tálimi sistemasın 2030-jılǵasha rawajlandırıw konsepsiyasın tastıyıqlaw haqqında"ǵı PF-5712-sanlı Pármanında belgilengen bir qatar wazıypalar oqıwshılardıń lingvistikalıq hám sóylew kompetensiyaların rawajlandırıp, sózlik baylıǵın arttırıwda tayanısh boldı.

Bilimlendiriw procesi, onıń rawajlanıwı hám nátiyjeli barısı hár tárepleme oqıtıwshı hám oqıwshılardıń óz-ara isenimi tiykarında qurılǵan. Sabaq procesindegi oyınlar bolsa, bul ortalıqtı bekkemlewde tiykarǵı rol oynaydı. Oyınlar toparlarda islesiwge ádetlendiredi hám onsha kóp waqıttı talap qılmaydı. Birge islesiw dawamında oqıwshılar